



# Biwo Avoka Espesyal pou Pratik Travay ki pa Jis sou Koze Imigrasyon

Depatman Lajistis Ameriken Divizyon pou Dwa Sivil

## E-Verify Sa Patwon Dwe Fè ak Sa yo Pa Dwe Fè

(Revize 20/3/09)

### YO DWE...

- Itilize pwogram lan pou verifye si nouvo anplwaye yo otorize pou travay
- Itilize pwogram lan pou **tout** nouvo anplwaye kèlkelanswa peyi kote yo fèt oswa kondisyon sitwayen yo
- Itilize pwogram lan pou nouvo anplwaye **apre** yo fini ranpli Fòmilè I-9 la
- Bay anplwaye an touswit anons sou avi pwovizwa ki pa konfimen epi revize li avèk li
- Bay touswit anons referans ki soti nan Biwo Sekirite Sosyal (SSA) la oswa nan Depatman Sekirite Nasyonal (DHS) ba anplwaye an ki chwazi konteste yon avi pwovizwa ki pa konfimen
- Bay touswit anons referans ki soti nan Biwo Sekirite Sosyal (SSA) la oswa nan Depatman Sekirite Nasyonal (DHS) ba anplwaye an ki chwazi konteste yon avi pwovizwa ki pa konfimen
- Tcheke E-Verify chak jou pou mizajou sou avi pwovizwa ki pa konfimen an
- Kontakte E-Verify si ou kwè yon anplwaye te resevwa yon dènye non konfirmasyon pa erè
- Poste anons ki nesesè yo pou patisipasyon patwon an nan sistèm E-Verify la ansanm ak anons kont diskriminasyon ki soti nan Biwo Avoka Espesyal pou Pratik Travay ki pa Jis e ki gen rapò ak Imigrasyon (OSC)
- Aksepte nenpòt ki dokiman ki sou Lis B nan Fòmilè I-9 la ak yon foto anplwaye ki chwazi bay yon dokiman ki sou Lis B an
- Kenbe enfòmasyon pèsonèl anplwaye yo prive ansanm ak modpas ki itilize pou antre nan pwogram lan
- Retade fè yon rechèch nan E-Verify la pou yon anplwaye yo pokò bay yon nimewo Sekirite Sosyal jouktan yo emèt nimewo Sekirite Sosyal pou li
- Pèmèt yon anplwaye yo pokò bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou li travay pandan peryòd li ap tann yo ba li nimewo Sekirite Sosyal li.

*(TANPRI VIRE PAJ SA-A POU OU LI SA YO PA DWE FÈ NAN E-VERIFY)*

Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk OSC lan pou patwon nan nimewo 1-800-255-8155 ;  
*TDD pou moun ki pa tandem byen: 1-800-237-2515*  
[www.usdoj.gov/crt/osc](http://www.usdoj.gov/crt/osc)



# Biwo Avoka Espesyal pou Pratik Travay ki pa Jis sou Koze Imigrasyon

Depatman Lajistis Ameriken Divizyon pou Dwa Sivil

## E-Verify Sa Patwon Dwe Fè ak Sa yo Pa Dwe Fè

(Revize 20/3/09)

### YO PA DWE...

- Itilize pwogram lan pou verifye anplwaye ki deja la
- Itilize pwogram lan sèlman paske yo “sispèk” yon nouvo anplwaye oswa yon anplwaye ki deja la kapab pa gen otorizasyon pou li travay Ozetazini oswa dapre peyi kote li soti
- Itilize pwogram lan pou filtre davans moun k’ap aplike pou travay amwenske ou se yon Ajans Leta pou Travay
- Enfliyanse oswa fòse yon anplwaye deside si li dwe konteste yon avi pwovizwa ki pa konfimen
- Revoke oswa pini yon anplwaye ki ap konteste yon avi pwovizwa ki pa konfimen refize oswa diminye lè ki fikse pou travay, retade oswa anpeche antrenman, maltrete anplwaye an, mande anplwaye an pou li travay plis tan, mande anplwaye an pou li travay nan pi move kondisyon, oswa kite anplwaye an konprann ke li pa otorize travay pandan tan sa-a, sòfsi yo ta resevwa yon dènye non konfirmasyon oswa yon repons ki pa montre non li.
- Mande yon anplwaye pou li jwenn yon kopi oswa yon verifikasyon ekri ki soti nan SSA oswa DHS lè yo ap voye anplwaye an kote youn nan ajans sa yo.
- Mande yon anplwaye pou li bay lòt dokiman sou otorizasyon li genyen pou li travay apre yo fin genyen yon avi pwovizwa ki pa konfimen pou anplwaye sa-a
- Egzije dokiman espesyal poutèt yo kapab aktive opsyon foto sistèm E-Verify la
- Pase yon rechèch nan E-Verify pou yon anplwaye ki ap tann yo voye nimewo Sekirite Sosyal li jouktan anplwaye an resevwa yon nimewo Sekirite Sosyal

*(TANPRI VIRE PAJ SA-A POU OU LI SA YO DWE FÈ NAN E-VERIFY)*

Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk OSC lan pou patwon nan nimewo 1-800-255-8155 ;  
TDD pou moun ki pa tandé byen: 1-800-237-2515  
[www.usdoj.gov/crt/osc](http://www.usdoj.gov/crt/osc)